No. 8 — 19 Februari 1931 — Taoen 11.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA - TAMA:

| | | |
|---|---|---|
| 1 taoen | f 6,— | njoewoen kabajar roemijin. |
| 1/2 „ | f 3.— | |
| 3 woelan | f 1,50 | |
| Kénging mbajar saben woelan | | |

RAGAD ADVERTENTIE:

| | |
|---|---|
| 1 katja | f 36.—. |
| 1/2 „ | f 18,65. |
| 1/4 „ | 9 75. |
| 1/8 „ | f 5,25. |
| Saladjengipoen: saben 1 $cm^2$ | f 0,03; |

sekedik - kedikipoen: f 1,50.

Kabar premili alit - alitan: f 1.—

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS - COLLEGE

DJOKJAKARTA

Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.



## LAJANG PASA TAOEN 1931.

## ANTONIUS PETRUS FRANCISCUS van VELSEN.

KARANA SIHING ALLAH SARTA NOEGRAHA DALEM KANGDJENG SANTO BAPA: BISKOP TITOELÈR ING ÆZANI LAN VICARIS APOSTOLICUS ING BETAWI.

*Bagya toewin rahajoe marang para Pastoer lan kadang Katholiek ing kabiskopankoe karana Pangéran.*

Para sadoeloer! Kala djoemeneng Dalem, Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Santo Bapa medaraké idam-idaman, katjeta ing pangandika tjekak: „*Katentreman Dalem Sang Kristoes doemoenoeng ing Kraton Dalem Sang Kristoes.*"

*Kraton Dalem Sang Kristoes* ikoe tegesé: Njantosakaké lan ndjembaraké Pasamoean Soetji, nganti warata ing saloemahing djagad, kang soepaja para oemat antoeka katentreman Dalem Sang Kristoes, jaikoe katentreman kang si donja ora bisa awèh, katentreman kang ora kena kinajangapa.

Idam-idaman Dalem Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Santo Bapa ikoe ija dadi idam-idamankoe. Moerih akoe pada bisa kadoenoengan katentreman Dalem Sang Kristoes, Pandjenenganė koedoe ngerèh lan ngratoni soekmakoe. Lan akoe ija koedoe pada ngoedi, moerih Sang Kristoes ngratonana wong-wong lijané, kang soepaja oega pada ngrasakaké katentreman Dalem. Akoe koedoe pada dadi wong Katholiek pepilihan lan dadi rasoel kang peng-pengan. Ikoe kang dikarsakaké Ngarsa Dalem Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Santo Bapa, ija Karsa Dalem Sang Kristoes pijambak.

Soekmaning manoesa banget ngelaké marang kabegdjan, kongsi ora kena disajoeti, ora kena tjinandet. Ananging ana ing donja kéné kepéngḯné marang kabegdjan maoe ora bakal bisa éntoek kamareman kang sedjati; kedjaba ing bésoek jèn woes ana ing Swarga, jaikoe jèn woes njawang Goesti Allah ing sawantahé, la ing kono lagi bisa marem sedjati. Éwa-samono, sanadjan ana ing donja akoe ora ngrasakaké djatining kabegdjan, akoe ora teka bandjoer koedoe ngrasa tjilaka; djer Sang Kristoes woes njadijakaké katentreman Dalem. Sing sapa kadoenoengan katentreman maoe, sanadjana ora sampoerna, ikoe djeneng kadoenoengan djatining kabegdjan, kabegdjan kang moerni, kang awèt, kang ora bisa sirna déning pambidoehing papa tjintraka toewin kasoesahan. Djer apa ana wong kang sangsarané nimbangi Dèwi Marijah lan apa ana wong kang begdja ngoengkoeli Pandjenenganė?

Déné kang kadoenoengan katentreman ikoe maoe, moeng soekma kang dadi Kadaton Dalem Sang Kristoes; djer, sarèhné woes ngakoni lan ngandel marang wedaran Dalem, boedi bandjoer gamblang soemoeroepé marang sangkan-paraning oerip; si ati ora bot-boten enggoné njandet hawa kanepsoné, djalaran weroeh, jèn ikoe dawoeh Dalem.

Kabèh lalakon ing ngalam donja, kang anggegeteri lan agawé miris, ora bisa ndajani marang soekma, kang dadi Kadaton Dalem Sang Kristoes, djalaran soekma maoe soemoeroep, jèn kabèh-kabèh maoe kelakoné, toemrapé para pepilihan Dalem, moeng nenoentoen marang karahajon. Bok soesah dikaja ngapa baé, soekma kang kaja mangkono ikoe ora bakal entèk pangarep-arepé, malah isih bisa ngrasa tentrem lan boengah, djalaran géndolan pangandika Dalem, kang soerasané, jèn sawisé oerip ing ngalam donja kang banget tjendaké iki, ing bésoek bakal ngrasakaké oerip langgeng, doenoenging kabegdjan sedjati.

Para sadoeloer! Soekmakoe pada dadi Kedaton Dalem Sang Kristoes, ikoe toemraping donja ngakir pranjata noegraha kang tanpa timbang gedéné, lan gedé banget pangarep-arepkoe, moega-moega Sang Kristoes lestaria mangrèh lan ngratoni akoe kabèh lan wong-wong lijané! Moenggoeh saranané jaikoe: oerip ngenggoni lan ngroengkebi pangandel. Liré: ora tjoekoep, jèn moeng ngandel baé marang wedaraning Allah kang dadi piwoelangé Pasamoewan Soetji, nanging sakabèhing moena-moeni toewin tindak-tandoekkoe oega koedoe nélakaké gedéning pangandelkoe. Pangandel, lan doedoe senenging ati oetawa hawa kanepson, kang koedoe dadi wewaton, samangsa boetoeh boekoe watjan oetawa kasenengan; pangandel, lan doedoe rerasaning wong, kang koedoe namtokaké pamilihing sandangan oetawa sekolahan; pangandel, lan doedoe watek goemedé, kang koedoe dadi tetalesé pambangoen mitoeroet marang paréntah; pangandel, lan doedoe watek goeroe aleman, kang koedoe dadi djalaran nglakoni kabetjikan. Tjekaké: ing samoebarang prakara moeng pangandelkoe kang dadi wewaton; moeng pangandelkoe kang koedoe tak-tarèn-tarèni. Akoe koedoe pada kadoenoengan pangandel kang oerip, kang santosa, kang njoenari lan mranata oeripkoe, kang woesanané bisa awèh poetoesan ing samoebarang prakara.

Para sadoeloer! Akoe ora maido pisan-pisan, jèn ing tanah Indija kéné moela angèl bisané kadoenoengan oetawa olèh pangandel kang kaja mangkono ikoe, déning kèhing sesandoengan, kang ngreridoe, kajata: dajaning hawa lan koeranging Pastoer, nanging loewih-loewih enggoné pada ora pradoelèn marang prakara agama, enggoné pada kalengki-lengki kasengsem marang doewit lan kasenengan, nganti pada nglirwakaké marang prakara kang loehoering-loehoer; ikoe kang ndjalari wong Katholiek kendo lan nipis pangandelé.

Moelané Akoe boengah lan matoer noewoen banget marang Goesti Allah, déné ing samengko ing tanah Djawa-Tengah woes madeg omah papan retrèt kang sapisanan. Lan manèhé Akoe ija neda narima banget marang kabèh baé kang woes pada oeroen-oeroen aroepa sembahjangan, doewit lan baoe-soekoe, moerih adegé omah retrèt maoe.

Awit moela kaloehoeran banget pangandika Dalem Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Santo Bapa, kang kapatjak ana ing nawala Dalem „*Mens nostra*", mangkéné soerasané: „Ana ing omah papan retrèt kono manoesa diretèkaké ing Sang Kristoes marang adjining oerip kang satemené, kang moeng koedoe mligi dianggo soewita marang Allah. Ana ing kono, marga kadajan déning piwoelang lan toelada Dalem Sang Kristoes, manoesa bakal ngroetjat „manoesané lawas" lan njingkoer marang awaké déwé, malih dadi manoesa anjar. Manoesa bakal nampa paparing Dalem mentéring, awoedjoed andap-asor, pambangoen-mitoeroet lan pamati raga, ing satemah ngoedi, moerih sampoernaning oeripé, nganti wani nirokaké pangandikané Santo Paoeloes, kang mangkéné: „Akoe oerip, nanging doedoe akoe déwé kang oerip iki, jaikoe Sang Kristoes kang gesang ing akoe."

„Sarana ngambah oendak-oendakan ikoe wong kang retrèt bisa andjog ing djatining kasampoernan, lan marga saka dajaning sih kasoesantan, kang diparingakaké Goesti Allah, kang marga saka mantepé enggoné sembahjang lan saka kerepé enggoné tampa Sakramèn-Sakramèn ing sadjroné nglakoni retrèt maoe, manoesa bakal bisa ngrasakaké nikmaté koempoeling kawoela lawan Goesti.

Kasampoernan sedjati pitoewasing retrèt ikoe maoe pranjata jèn loehoer tanpa pepindan, bisa asoeng katentreman lan kabegdjan sedjati, kang si donja babar pisan ora bisa awèh. Nanging dajaning retrèt bisa ndjalari manoesa kadoenoengan katentreman lan kabegdjan sedjati, marakaké manoesa bisa oerip soetji Ora moeng samono ikoe dajané retrèt.

Marga déning retrèt manoesa bandjoer katoewoehan kapéngin dadi rasoel Dalem kang peng-pengan, sengkoet toemindaké enggoné ngiroep soekma kondjoek Sang Kristoes, awit oeroebing Katresnan Dalem kang makantar-kantar ana ing sadjroning atiné, tansah koedoe arep metoe-metoea, njalad-njalad marang atiné wong lija, doeroeng marem-marem, jèn doeroeng katekaning sedya.

„Akoe tetéla banget ing soemoeroepkoe, jèn ing djaman samengko iki boetoehé marang pitoeloengan loewih saka madjad. Ora moeng tanah Missie kang adoh-adoh baé, kang boetoeh rasoel, dalasan tanahé déwé ija boetoeh imam lan broeder lan zuster-zuster akèh banget, apa manèh boetoeh wong-wong loemrah kang mempeng ing kaoetaman, kang nisihi pakarjané para imam kalawan taberi, sarana nindakaké pakarjan Katholiek warna-warna."

Kabèh-kabèh kang woes katindakaké, moerih katjoekoepé kaboetoehan maoe, pantes ingalembana lan dipamèr-pamèraké; éwa samono isih ana saprakara. kang agawé mongkog lan gambiraning ati, kang anané kaja déné marga saka dawoeh wisiking Pangéran, jaikoe netepi ngeningaké tjipta ana ing papan retrèt.

„Wong kang bèrboedi, sadjroné nglakoni retrèt, kadjaba olèh pitoeloenganing Allah, nganti bisa gamblang soemoeroepé marang prakara kanjataan, lan marga ditetangi déning toelada Dalem Sang Kristoes, apa déné marga saka patitising panglimbang toemrap toedjoening manoesa kang bakoe, jaikoe: soewita marang Goesti Allah, bandjoer saja loewih tjeta soemoeroepé marang adjining soekma, satemah tansah sijaga enggoné bakal tetoeloeng marang soekma ing samangsa-mangsa; kedjaba ikoe maoe kabèh, oebalé oeroebing ati tresna, kang mahanani kapéngin dadi rasoel, ija bandjoer ngrerantam angatik-atik, loeroe sarana lan tanaga, kang pantes digegoelang lan ditindakaké, nadyan nemoe pakéwoeh, ora nedya soeminggah, angger bisa katekan ing sedyané."

Para sadoeloer! Akoe wis ora bisa moewoehi apa-apa manèh marang dawoeh pangandika Dalem Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Santo Bapa iki. Ananė Akoe moeng ndèrèk moepakat. Ora lija pandjaloekkoe marang para sadoeloer kang angka sidji, pada bantoenen adjoening retrèt, ing sakoewat-koewatmoe; kang angka sidji lan perloe déwé sarana sembahjang. Moelané, loewih-loewih ing mangsa pasa iki, pada njenjoewoena, soepaja Goesti Allah maringana berkah marang pakarjan iki, moerih loehoering Asma Dalem lan tentrem rahajoening soekma-soekma. Manèhé: pada oeroena aroepa doewit. Akoe soemoeroep, jèn wetoening doewit kang kanggo oeroen-oeroenan wis akèh; ananging pada ngèlingana oega, sepira danamoe, ing bésoek bakal tampa leliroené. Sarta manèh, ngèlingana oega, jèn kèhing danamoe ikoe doeroeng sepiraa, jèn dianggo boekti pamalesing tresna marang Goesti Allah kang Maha-tresna.

Loewih-loewih pakarjan retrèt bantoenen sarana nglakoni retrèdéwé lan pawong mitra lan kawanoehanmoe pada djaken retrèt ikoe propagandakna marang para wargamoe, moerih bisané kelakon para prija lan para djedjaka, kang toenggal pakarjan lan kawroeh pada saijeg sagolong ngadani retrèt; lan ing kono dajaning retrèt bakal njawabi banget.

Marga saka barkah Dalem Goesti Allah omah papan retrèt ing tanah Djawa kang sapisanan woes bisa ngadeg.

Ing saiki, moeng ana ing kowé bisané omah ikoe dadi papaning barkah, lan sih lan katentreman toemrap soekmamoe déwé toewin soekma-soekma kang isih moekmoekan ana ing pepeteng. Moeng kowé kang kapopoh, para sadoeloer!

Ing wasana, para sadoeloer! pada njembahjangna Pasamoewan Soetji, Ingkang Sinoewoen Kangdjeng Santo Bapa, Sri Maha-Radja sagarwa poetra lan santana Dalem, apa manèh para panggedé, ija panggedé pasamoewan ija panggedé negara.

Lan lajang iki bakal kawatja bebarengan karo angger-angger pasa ana ing sadjroné Koerban Mis ing dina Ngahad Quinquagesima; déné angger-angger pasa maoe bakal katèmplèkaké ana ing lawanging Grédja.

Tinoelis ing Betawi 25 Januari 1931.

† *A. P. F. van Velsen S. J.*
*Biskop titoelèr ing Aezani*
*Vicaris Apostolis ing Betawi.*

# PRADJA RAHAJOE.

## PANGADJENG-ADJENG KOELA.

Para sedèrèk! Dèrèng dangoe poenika ing Pamekasan wonten Comité pembasmi tajoeb enz... (ingkang koela rembag ingriki prakawis tajoeb),

Madegipoen Comité waoe, damel gambiraning manah kita ingkang boten baèn-baèn. Lan panjerat mangertos bilih sinten kémawon — ingkang njata tjinta bangsa, kersa mbijantoe Comité poenika sakrosanipoen. Pambijantoe poenapa oetawi ingkang kados poendi woedjoedipoen boten perloe koela atoeraken.

Namoeng kantenanipoen panjerat: *Pambijantoe sing gedé déwé jaikoe awoedjoed „ora tajoeb"*

* * *

Ingkang ngaken tjinta tanah aer — boten kirang-kirang.

Ingkang ngaken ngoedi kamardikanipoen Indonesia — sampoen ngembrah.

Ingkang ngakeni jèn „tajoeb" dados wisaning kemadjengan, ngrerandati kamardikan — inggih sampoen maèwoe-èwoe.

Ingkang ngemohi tajoeb saèstoe (boten namoeng ngakeni tok)????

Jèn dipoentetah, wangsoelanipoen: „Tajoeb ikoe pantjèn kabisan sing koedoe diboeang; awit....... (mawi nerangaken awonipoen tajoeb pandjang lébar). La olèhkoe gelem tajoeb ikoe ming *golèk pradja* lan adja nganti gawé seriking lijan. (sing ngoelemi).

Wangsoelan loetjoe nginggil poenika boten medal saking lésanipoen kaoem Krama, nanging saking lésanipoen *kaoem-ingkang-ngakenipoen-ngoedi-kamardikan-Indonesia.*

Lah poenika para maos, jèn badé priksa roepinipoen pentjinta-bangsa-palsoe! Ngoedi kamardikan ingkang namoeng doemoenoeng ing lambé! Nerangaken (madosi) awoni-

Nawala ing nginggil poenika mitoeroet kados ingkang kawaos wonten ing ngadjengipoen sdr. Djawi Katoelik. —*Red.*

## ISINIPOEN:

Nawala Dalem Kangdjeng Biskop — Pangadjeng-adjeng koela — Panggoela - wentahing wanita — Ra'jat Indonesia lan Ekonomi — Djaman malèsèt — Pakabaran saking pakempalan — Goentingan pers — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

## GOENTINGAN PERS.

### *Kawadjiban Nationaal.*

*Bahagia* sok angèngetaken para lengganganipoen soepados sami temen anggènipoen ambajar arta lengganan, sarta dipoentedahaken bilih ingkang makaten poenika kalebet kawadjiban kabangsan, inggih kawadjiban nationaal.

Maos pitoetoer makaten poenika, wonten lengganan Bahagia ingkang pitakèn dateng redaksi Bintang Timoer poenapa tegesipoen „kewadjiban nationaal" ing ngrikoe, poenika.

*Bintang Timoer* ladjeng mangsoeli makaten:

„Baiklah kita kasih keterangan kepadanja, bahwa jang dinamakan kewadjiban national itoe ialah djangan beli dan djangan batja koran bangsa sendiri, atau kalau batja djoega, batjalah sadja..... djangan bajar, biar mati!"

Kita kasih selamat kepada Bahagia mempoenjaï abonne sematjam itoe, sebab kalau beliau itoe seorang recht-geaard Indonesier apa perloenja ia mesti bertanja kepada kita, apakah perloe dan apakah kewadjiban nasional membajar koran jang dilangganani nja, sebab sebenarnja boekan sadja kewadjiban national tapi ....... kewadjiban manoesia jang sopan oentoek membajar, makanan jang soedah ditelannja!

Siapa tidak menghargai itoe apalagi hasil otak (sebagai soerat kabar) lebih lagi djahatnja dari pada pentjoeri barang-barang biasa."

Temboengipoen Bintang Timoer poenika leres. Sarta „pemberian selamat" waoe sadjatosipoen pantjèn kedah boten namoeng dateng Bahagia, nanging inggih dateng sedaja serat-serat kabar kalebet oegi *Swara Tama.*

Pantjèn anggoemoenaken déné katah Inlanders sami „demen mangan moh kélanangan, gelem lengganan lajang kabar ning moh ambajar". Apa pantes???

Saja njakitaken oetawi noesahaken manah, poenika manawi wonten tijang ingkang nindakaken: nèk korané bangsa Landa oetawa Tionghoa *diemen - emenaké* olèhé mbajar, nèk korané bangsané déwé arasarasen, éman-éman...... Poenika nama hilang rasa kebangsaännja! Terlaloe!

Saja njakit-njakitaken malih poenika manawi wonten tijang gadah penganggep sing boetoeh koewi rak korané; doedoe akoe.

Manawi salaminipoen bangsa kita teksih awatak makaten,....... koran-koran jasan ngriki badé pedjah, jajasan-jajasan Indonesiërs badé sirna,... baita pergerakan badé remoek wonten margi,... Indonesia Merdéka badé woekan,...... kita salaminipoen badé dados batoer, antèk, kalahan!

Sinten ingkang kraos ngroemaosana! Sampoen serik! Malah ladjeng kedah amboetjal sebroeng watak lan panganggep makaten waoe. Madjeng moendoering pergerakan kita, koran kita, doemoenoeng wonten pandjenengan sedaja!

Sapoenika sampoen taoen 1931. Dédé taoen djaman-Djawa-tjawetan!

*Prendjak Mataram.*

kénging kaadjeng-adjeng bandanipoen, samboetan énggal dipoentoeroeti. Accept lami dipoensoewèk, dipoen-gantos énggal. Oengeling accept boten f 46 nanging sekedikipoen f 50. Djalaran ingkang f 23 kedah wonten rèntenipoen pijambak. Woelan ngadjengipoen malih, manawi pijambakipoen boten saged mangsoelaken f 50 kropjok, kaoem woeker étok²-ipoen boten srengen lan boten nepsoe. Accept kénging boten kabajar, djandji dipoen-gantos ingkang énggal. Woesana accept oengelipoen f 75. Woelan tjandakipoen malih, boten saged netepi wadjib malih. Accept dipoen-gantos dados f 100. Makaten sapitoeroetipoen, ngantos klampah samboetan pantjènipoen namoeng f 50, nanging woesanipoen dados f 300 oetawi langkoeng. La jèn sampoen katah, mangka tansah boten saged netepi wadjibipoen, kaoem woeker ladjeng medal kedjemipoen. Samboetan dipoenoeroes poenapa mestinipoen. Rèhné ingkang njamboet ratjakipoen njerat pijambak, pradata ladjeng netepaken jèn ingkang njamboet waoe sampoen mangertos jektos dateng maksoeding accept. Glodag, medal poetoesan, tijang waoe kadjibah ambajar f 300 mawi kekentjenganing vonnis.

2. Wonten tijang betah sanget arta. Lan wekdal poenika kedah dipoentoeloengi, djalaran preloe sanget. Mangka betahipoen wonten f 300. Tijang waoe mladjeng dateng panggènanipoen Arab. Dilalah kepetoekan wonten margi, ladjeng dipoenampiraken. Sasampoenipoen rembagan katah-katah, Arab tjrijos: „Ja kasihan toean, toean mesti saja tolong. Baiklah accept ini ditèken doeloe. Perkara isi gampang." Kedadosan accept dipoentèken, arta djrèng dipoensoekakaken, Arab ladjeng késah. Let sawatawis woelan. Arab miwiti nagih, neda f 600, djalaran accept sasampoenipoen doemoegi grija dipoenisèni f 600. Ingkang njamboet radi plingkoeran, roemaos ketjipoean, nanging rèhné sampoen wonten tanda-tanganipoen, pijambakipoen kedah ambajar f 600. Rèhné boten saged ambajar, adat saben ngarih-arih neda pangapoenten. Poen Arab manoet kémawon, djandji poeroen tèken accept énggal. Brebet, accept lami dipoensoewèk, dipoengantos ingkang énggal, isinipoen f 750. Makaten saladjengipoen, ngantos kadadosaken samboetan f 300 waoe dados f 1000 tanpa nampèni artanipoen.

3. Wonten tijang gadah samboetan f 200, kaserat wonten zegel sagah ngrènteni sawoelan-woelanipoen 5%. Saben woelan pijambakipoen nitjil f 20. Manawi tijang waoe dateng, dipoentampi kanti senenging manah, malah noedjoe dipoensegah warni-warni. Sasampoenipoen nitjil, ingkang gadah samboetan neda kwintantie. Poen lintah darat kanti soemèh trijos: „Och, apa toean tidak pertjaja, nanti kan saja masoekkan dalem tjitjilan. Soedah ta, pertjaja sama pertjaja. Saja kan tidak maoe bohong, nanti gimana, kaloe saja tipoe, radèn laloe tjilaka. Saja kan tidak seneng, kaloe radèn sengsara. Pèndèknja kaloe radèn maoe nitjil boléh soeroean anak sadja., djadi radèn tidak pajah."

Watakipoen tijang Djawi manawi dipoenngatenaken, ladjeng karogoh rempelanipoen. Woesana manoet kémawon. Let 20 woelan manoet pétangan, samboetan sampoen loenas. Ingkang njamboet roemaos ajem. Boten ngertosa let sawatawis woelan, samboetan dipoentagih, dipoenojak-ojak. Adatipoen rèhné boten tegel nagih pijambak, lintah darat waoe masrahaken dateng tijang sanès. Pijambakipoen pijambak késah oetawi sampoen wangsoel dateng negari Tingkok. Ingkang njamboet sampoen mesti kémawon ketjipoean, lan kawon boekti. Pradata inggih netepaken jèn pijambakipoen gadah samboetan katahipoen f 200 lan rente 5% ing saben woelanipoen.

*(Taksih badé kasambet).*

Banjoemas Jan. '31.

*P. S. Atmasoedarma.*

### DJAMAN. MALÈSÈK. (DJAMAN MESAKAT?)

Djaman sapoenika, poenika limrah oetawi sampoen kawentar jèn noedjoe djaman malèsèk, (djaman mesakat anggèn koela mastani). Katah ingkang sami sambat, nggresoela, nggresah lan sanèsipoen. Para dagang samanten oegi.

Hardi Mrapi, sadèrèk, nampéjan masti dèrèng kesoepèn, jèn nembé sadé OBRAL; toko boten poeroen kantoen, kedap-kedap (mèh gentosan oetawi sareng-sareng) sami sadé kanti OOOBRAL; ngantos sawatawis dinten laminipoen. Preloenipoen, boten lija noen inggih soepados laris oetawi madjengaken daganganipoen. Wenèh toko anggèné obral terkadang kanggé ngontjori (concurentie) lan sanèsipoen.

Makaten poenika lampahipoen toewan dagang, soepadosa énggal laris, padjeng lan énggal angsal jatra. Boten saged maiben noen! oetawi maoni djer poen panj. dédé among dagang. Namoeng kémawon, toemrap ingkang dados panoembas, bati poenapa toena; tegesipoen: poenapa angsal kamirahan sajektos, poenapa namoeng saking kapidereng oetawi adreng saking déning kapiloeta? Poenapa reregèn nalika obral poenika djan kamirahaken sajektos? angsal korting (soedan) temenan? Liripoen makaten: poenapa boten kénging dipoengagapi, jèn regi f x korting n% poenika poenapa boten sampoen dipoeninggahaken (kaindakaken) roemijin? soepados mindak oetawi klop? poen panj. oegi boten saged ndoegi oetawi mastani tjeplos leres. Ing mangka wah, manawi wonten OBRAL adatipoen koemroeboet.

Lampah pados laris, roepi-roepi wonten ingkang ngaten, wonten ingkang makaten.

Bok boekoe-boekoe waosan ingkang maédahi wedalan CAN. DRUKKERIJ poenika larisipoen kados obral, koela ndèrèk bingah.

Kadjawi obral barang, mandar wonten ingkang obral jatra, sandjangipoen! Nanging mangga dipoengalih pijambak! poenika lo tijang mawi nanging; ½ nggadé?

Alija saking poenika, sanadyan sandjangipoen awis jatra, rika-riki katah ingkang sambat, éwa samanten kok inggih boten sakedik ingkang sami toembas lintingan kretas isi obat (mretjon). Wiwit woelan Januari poenika tanggal sepoeh rinten daloe sampoen kapirengda r-dor, dal-doel, dar-dèr, prekoetoeg-prekoetoeg barang. Méndah déné béndjing jèn ngleresi riadinipoen, saiba raménipoen.

Awas, sadèrèk, kedah kanti ngatos-atos anggèné ngedalaken jatra, nadyan panj. boten badé kétjalan oetawi toemoet ngraosaken soesahipoen jèn sampoen nggregesi. Nagari sampoen paring toelada ngirid.

Panj. boten maoni oetawi ngawisi tijang seneng-seneng oetawi bingahbingah, nanging kedah kanti pamawas lan taker.

Dados poenapa-poenapa sampoen ngantos obral obralan kados Mrapi. Ngèngetana djaman mesakat, leresipoen botena kétang sakedik kedah tirakat, soepados pinaringan brekat ingkang moerwat.

Sampoen klilana loemèngsèr ngaso. Sinten kresa kaagema lan ingkang saged paringa pènget.

*P. K. Koplok.*

# SEKOLAHAN.

### PERSAUDARAAN ING POERWOKERTO.

Redaksi Sw.-Tm. tampi saking Secretarisipoen Persaudaraan motie kados ing ngandap poenika:

*Motie.*

Rapat Persaudaraan di Poerwokerto pada 9 Februari 1931,

setelah mendengar poetoesan Verbondsbestuur P. G. H. B. tentang pangkat Adjunct-Schoolopziener sebagai jang terseboet dalam bulletin Verb. Best. P. G. H. B,

setelah menimbang bahwa pangkat Adjunct-Schoolopziener itoe berarti kenaikan pangkat dan belandja bagi goeroe-goeroe keloearkan Normaalschool,

menjatakan:

tidak menjetoedjoei akan segenap isi bulletin Verbondsbestuur P. G. H. B. tentang pangkat Adjunct-Schoolopziener.

memetoeskan:

menjiarkan motie ini dalam pers; dan laloe meneroeskan pembitjaraan pada hari itoe.

# OERAP-SARI

## KABAR KATOELIK.

### Vatikan.

*f 4000 kanggé kasangsaran Merapi.*

**Ngarsa dalem Ingkang Sinoehoen Kangdjeng Santo Bapa Pius XI paring darma kanggé kasangsaran Merapi katahipoen f 4.000. Kadarman dalem Kangdjeng Santo Bapa pantjèn loemèbèr ing sadonja.**

*Radio.*

Kala tanggal 12 Pébroewari Ngarsa dalem I.S.K. Bapa saèstoe ngandika mawi radio. Pandjenenganipoen rawoeh ing setatsijoen-radio kaajap ing para Kardinal. Katah tijang ingkang sami ningali, sareng Ingkang Sinoehoen rawoeh, ladjeng sami djèngkèng sarta kaparingan berkah. Wonten ing setatsijoen Pandjenenganipoen ingatjaran déning Senator Marconi. Sasampoening lenggah ngadjengaken microfoon kentjana tinrètès ing inten, ladjeng ngandika tjara Latin paring pamrajogi dateng tijang sadjagad, soepados roekoen, sampoen sami pasoelajan. Ing Éropah kémawon tijang ingkang sami mirengaken wonten 20 oetawi 30 joeta. Sarèhné ing Vatikan nganggé radio ingkang ombakipoen alit, mila soepados katah tijang ingkang saged mirengaken, ladjeng katampénan déning radio ing Weenen. Wonten ing ngrikoe noenten kasantoenan ombakipoen.

Katjarijos rikala Kemis daloe ing minggoe ingkang kapengker poenika kinten-kinten poekoel 11, Rama Wubbe lan Rama sanès-sanèsipoen ing Betawi inggih sami mirengaken. Sanadjan I. S. K. Santo Bapa ngandika tjara Latin sarta Rama-rama oegi ngertos tjara Latin, éwa samanten boten saged tjeta, kedjawi poengkasanipoen inggih poenika nalika I. S. K. Santo Bapa paring berkah Urbi et Orbi.

Manoet kabar, sababipoen pangandika Dalem boten tjeta waoe amargi dipoendjarag dipoenrerégoni déning Soviet ing Roeslan, mila serat-serat kabar ing Parangakik sami boten trimah, njoewoen dateng Nagari soepados ngoeroes prakawis poenika. (Tijang kominis Roeslan poenika anèh, mbentèri I.S.K. Santo Bapa, dadosipoen mbentèri tijang sadjagad).

**Encycliek idjab.**

Sampoen kawartosaken (ing Sw. Tm. ingkang kapengker) bilih I.S.K. Santo Bapa paring Encycliek (nawala) ngrembag bab idjab sarta sampoen kapertal ing basa Walandi. Encycliek waoe saèstoe saé sanget. Kabar badé kadamel woedjoed brochure, soepados sajaa katah tijang ingkang maos. (Para sadèrèk Katoelik ingkang sampoen krama lan ingkang tjalon krama, samangsa brochure waoe sampoen medal, prajogi sami moendoet).

**NEDERLAND.**

**Baron van Voorst séda.**

Kala tanggal 17 Djanoewari Pandjenenganipoen Djéndral-pangarsaning Eerste Kamer J. J. G. Baron van Voorst tot Voorst kondoer dateng djaman kalanggengan. Pandjenenganipoen poenika waoenipoen Djéndral wadya bala, ladjeng dados lid Eerste Kamer, woesana dados pangarsa. Wonten ing poendi-poendi tansah dipoentresnani déning kaléréhan toewin kantja-kantja. Ing salaminipoen ngasta pangkat, katingal jèn njata prijantoen darah loehoer, katingal tresnanipoen dateng tanah woetah sarta boten tèdèng aling-aling bilih pandjenenganipoen poenika Katoelik. Ngadat tijang ingkang ngrembag poelitik poenika asring pados margi ingkang ménggak-ménggok, ingkang nandakaken kirang satrija. Baron van Voorst boten makaten. boten odjrah-adjrih teroes noedjoe ingkang sinedya medal margi ageng, ingkang lentjeng. (Poetranipoen wonten satoenggal ingkang dados Imam Sarékat Jésoes. Moegi Baron van Voorst poenika dadosa toelada dateng golongan kita menggahing anggènipoen Katoelik lan menggahing anggènipoen ngetjakaken poelitiek R. I. P.)

**PARANGAKIK.**

**Protest-ipoen golongan Katoelik dateng kabangsan.**

Comite-nipoen Secretariaat Internasional kanggé golongan-golongan Katoelik (Djerman, Parangakik, Bèlgi, Luzemburg, Polen, Litauen, Itali saha Nederland) damel protest makaten:

Kita sami ndjenger margi saking mentjoengoeling poen „raos kabangsan" malih ing tanah sawatawis lan prekawis boeneking politiek, ingkang saja sanget margi ing Europa ékonominipoen kirang katata saha reribet saking crisis oemoem ékonomi.

Kita ngoewoeh-oewoeh kanti sora, kita poeroen mbanting salira kanggé ngwontenaken katentreman sarta kanggé ngraketaken para bangsa.

Kita ngemohi sadaja tindak dateng roda-paripeksa margi poenika tindak awon saha kados tindaking tijang boten djangkep. Kita nélakaken malih kekentjengan kita, ing kalangan politiek nglebet tanah kita pijambak lan oegi ing kalangan politiek international sasaged-saged badé ngalang-alangi dateng para extremist, poenapa déné badé ngoedi, soepados rembag-rembag ingkang kawedal mawia dedasar ngadjengaken dateng tembajataning para bangsa ing bab prekawis ékonomi lan oegi ing prekawis politiek; lan malih dedasar sedaja badé ngwon-

# ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

## BOEPATI KRISTEN.

Barang énggal! Kawontenan énggal! Langkah baroe! Boten maiben manawi tansah dados rembag! Dados pamanahan!

Boepati Kristen kalebet prakawis énggal. Kowontenan ingkang njoelajani padatan. Mila boten maiben manawi tansah dados patjitan. Mangka, wonten Memorie van Antwoord paréntah sampoen mratélakaken kanti tjeta, bilih pangkat Boepati poenika boten kedah dipoenmonopoli satoenggiling golongan. Lan, . . . kados ingkang sampoen naté koela atoeraken, angèngeti kawontenan samangké, sampoen laras kémawon manawi pangkat waoe inggih dipoenloenggoehi golongan Kristen. Sarta, . . . . . béndjinga pisan, djaman toemantjebing Indonesische regeering, pangkat waoe kedah boten namoeng dados gadahanipoen satoenggiling golongan. Samanten poenika manewi Indonesische regeering waoe awatak bapa, adil, djedjeg. Nationalist toelèn mesti kedah poeroen njoewawèni lan nindakaken pamanggih poenika.

Ing nginggil koela sampoen matoer, rembag Boepati Kristen tansah dados pabenan.

Koela petik ing ngriki, soeraosing rembagipoen warga Raad Kawoela t. Wiranatakoesoema, Regent Bandoeng:

„. . . . Prakara ngineb lawanging pangkat Regent kanggo wong Kristen kang pantjèn bisa dadi Regent, koewi toemraping paréntah pakéwoeh lan rekasa banget. Sing mengkono ikoe akoe ora maido. Sarta toemrap prakara iki ija moeng regeering déwé sing doewé wewenang. Nanging, ngélingi gawaté prakara iki, wis pantesé manawa paréntah toemindak kalawan pangati-ati. Karo manèh, jèn waton gelem baé, mesti ana dalan lija kang andjalari hoofdambtenaar maoe ora kapitoenan. (— tegesipoen: kasoekanan pangkat sanès ingkang sami blandjanipoen. — Patjr. Mérah.).

Manawa rereering misoeda wong Kristen dadi regent ana ing papan kang wongé Kristen loewih akèh, koewi ora ngapaa. Hak lan pagawéjané Regent toemrap prakara-prakara kang moeng mligi ngenani oeroesan Islam, koewi asring andjalari ora tjotjogé kaoem Moeslimin. Regent Kristen ana ing papan kang kawoelané Islam koewi sajekti dadi wong mantja ija sanadjan bebedan lan iket-iketan.

Koepijakoe dadi boepati sadjroné 18 taoen, bisa nerangaké: manawa ana bedoeg andrandang ngalamat pasa, ing sadjroné nagara maoe akèh wong pada toetoekoe kanggo tjepakan dina Bakda, sa-apa-apané katon kaja pista agama. Lah ing mangka prakara iki ora bakal dirasakaké (karasa ing atiné) Boepati Kristen. Djer Regent maoe sakoelawargané pada ora pasa, jèn poenggawa kaboepatèn weroeh ing dalem kaboepatèn mangan lan ngombé kang dadi laranganė awaké, poenggawa² maoe bakal krasa manawa Boepatiné ora kleboe ing golongané.

Manawa ambeneri Bakda kang dirijajakaké ing sakaboepatèn, wong-wong pada matjak-matjak andalidir babarengan loemeboe ing mesdjid-anjembah Pangéran, . . . wong-wong ora weroeh Boepatiné, . . . marga . . . . Kristen. Bakda chotbah ing mesdjid. wong-wong pada salaman, apoera-ingapoera, angleboer dosa. Lan iki kabèh maoe Boepatiné ora mèloe nindakaké. Tangané Boepati Kristen maoe, ora salaman karo kawoelané sing akèh-akèh ana ing dina betjik ikoe; ora goelet karo paman tani lan koeli. Manawa wong-wong nom-toewa, ambtenaren lan beambten pada tilik-tilikan, dalem kaboepatèn bandjoer pada diliwati baé, . . . . marga ing kaboepatèn ora denger karo lebaran. Samono oega ing dina rijaja Hadji . . . . Goeroe-goeroe agama pada ora sowan Boepatiné. Samono oega manawa ambeneri mékradé Nabi Mokamad, boekakan mesdjid, lan langgar oetawa boekakan sakolahan-sakolahan oemoem Islam, ora bakal dadak nganggo ngatoeri Boepati Kristen maoe. Kaprijé bisané Boepati sing mangkéné iki mangerti pangoeripan lan djerohané kawoelané? Kaprijé bisané anjedaki kawoelané maoe, manawa awaké salawasé tansah dadi wong mantja? Mangka regent ikoe dadi lantarané Nederlandsche bestuursambtenaar karo kawoela.

Paréntah déwé andjaloek soepaja bestuur karo kawoela koewi bisa lalawanan kalawan goelet. Nanging manawa kaja ing doewoer maoe, sanadjan sapira lalaboehané ambtenaar koewi, kaja-kaja karepé regeering sing mangkono ikoe ora bisa kalaksanan. Toemrap prakara iki, awaké regent Prabalingga dakkadjabakaké. Lan toemrap akoe déwé, malah loewih betjik boepati Kristen sing dadi Kristen oetama, tinimbang regent Islam sing ala Islamé.

Pakéwoeh-pakéwoeh sing magepokan administratie pantjèn kena disingkiraké, balik pakéwoeh bab kontaké Regent karo kawoela kaja sing dakkandakaké maoe, ora kena. Akoe koewatir rengganging Regent Kristen karo kawoelané Islam saja amba, nganti ora kena dirapetaké manèh.

Ija bener, wisoedan boepati Kristen sidji ikoe doeroeng angowahi politiek ing kéné. Nanging manawa regeering neroesaké politiek kang kaja mangkéné nganti wisoedan Boepati Kristen doedoe prakara loear biasa manèh, akoe koewatir manawa prakara iki dadi sebab ana ing sadjroné obah-obahan politiek kanggo migoenakaké lalakon iki; lan . . . glagaté akoe ija wis weroeh . . . . .

* *
*

### Taksih dados rembag kémawon.

Makaten katranganipoen regent Bandoeng wonten Raad Kawoela.

Perloe koela terangaken: sanadjan sanès Agami, Boepati Kristen waoe saged goelet, rapet sasambetanipoen kalijan kawoela. Koepija ingkang koela alami, lan dipoenalami kantja-kantja koela, soeka pasaksèn: sanadjan sanès golongan, saged ngawontenaken doemadosing contact ingkang saé. Samboeng-rapeting boepati kalijan kawoela poenika boten kawasésa margi bédaning Agami. Ingkang katah-katah margi tijangipoen. Malah, . . . . . . manawi sami angantepi dadasaring agami, pakèwed prakawis contact kados ingkang dipoenoengelaken boepati Bandoeng waoe kedah boten wonten.

Éwadéné, . . . . . . . mangga koela atoeri mirengaken rembagipoen warga Raad Kawoela R.P. Soerasa, ingkang dados sisihaning rembagipoen t. Wiranatakoesoema waoe; makaten:

„Bener prakara R. Poedja golongan Kristen diangkat dadi Boepati koewi tansah dadi papatjitan, loewih-loewih ana ing kaboepatèn maoe. Nanging sing mangkéné iki, prasan atikoe ora lija ija marga barang anjar, kang bakal énggal ilang saka pikirané wong akèh.

Prakara wisoedan Boepati Kristen, toemrap akoe ija mèmper baé. Koewi manawa ngèlingi loenggoehing Boepati ing djaman saiki toemrap agama Islam; kadjaba ta ana ing tanah-tanah kaja oepamané Prijangan.

Dèk bijèn pantjèn njata Regent dipertjaja ikoe dadi kepala Islam lan ngajomi Agama maoe. Nanging, saiki?

Pantjèn temen dèk bijèné wong-wong mitajakaké sing kaja mangkono, marga Regent ikoe ngrasoek agama Islam kanti temen-temen, mèloe tjawé-tjawé oeroesan Islam kanti betjik, lan ija angadjokaké. Nanging saiki, kadjaba boepati-boepati sawatara, pada koerang agamané, malah ana sing babar-pisan kaja ora ngrasoek agama Islam, nganti ilang tegesé anggoné dadi panggedéné Islam. Lalawanané dadi loewih renggang, lan . . . golongan Moeslimin déwé angedohaké awaké saka Regent, sebab weroeh manawa Regent koewi wis ora kaja panggedé Islam manèh.

Akèh panggonan-panggonan sing samboengé boepati karo kawoela metoe pengoeloe lan naib; sarta marga anggoné sasrawoengan karo pengoeloe lan naib maoe, wong Islam roemangsa doewé sasamboengan karo Regent. Nanging, kaanan iki dèk rong poeloehan taoen kapoengkoer. Balik saiki?

Partai Sarikat Islam, Nadhatoeloelama, Moehammaddijah, woes mratélakaké kalawan blaka: regent koewi doedoe panggedé agama Islam. Sing mangkono ikoe oega kasababaké akèh panggonan sing boepatiné nginep lawang ing dina Bakda, malah ija akèh Regent sing ora damang marang pranatan-pranataning agama Islam. Kanggoné boepati sing mangkéné iki sabeneré malah roemangsa loewih énak ora didadèkaké panggedé agama Islam.

Saiki wong mangerti Regent saja adoh saka agama, lan sing mangkéné iki kanggoné akoe ija pantjèn noesahaké, apa manèh manawa ngèlingi mempengé propagandané Missie lan Zending ana ing tanah Djawa. Éwadéné kasoesahaning atikoe maoe bisa olèh tamba déné wong-wong Islam priboemi pada katoewoehan reactie anglawan propaganda Missie lan Zending. (— Sanadjan makatena, kita wedrah Katoelik boten perloe alit ing manah. — Patjr. Mérh.).

Manawa ngèlingi kaanané Regent, kaja kang kaseboet ing doewoer, ora soewé manèh rasa ora seneng marang wisoedan boepati Kristen maoe bakal ilang, . . . . awit arepa keprijé-keprijé kaé, . . . . . Boepati koewi rak bebaoening paprèntahan kang ora Islam."

Makaten sadèrèk katranganipoen R.P. Soerasa. Dados boten ndoewa dateng wisoedan Boepati Kristen.

Kumuningsaselé 15 Februari '31.

Taklim: *Patjar Mérah.*

### NGATOE RIPIRSA.

Mitoeroet wara-waranipoen Adm. Sw. Tm. ingkang kapatjak ing Sw. Tm. no. 52 taoen 10, lengganan Sw. Tm. ingkang roemijin pijambak anggènipoen mbajar sah kanggé taoen 1931, badé angsal bibingah, kintoenanipoen sadèrèk dateng Administratie.

Déné ingkang roemijin pijambak waoe mitoeroet tjatetanipoen Adm. i. p. Abn. 629 (Nem atoes sanga likoer).

Kita ndèrèk bingah!

*Adm. Sw. Tm.*

### CORESPONDENTIE.

Abn. 556, isinipoen serat pandjenengan (31-1-31) poenika prijoginipoen kalantarna medal post kémawon. Sampoen ndadosaken penggalih.

*Red.*

